



Pou Piblikasyon Imedya: 12/04/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO SIYEN LEJISLASYON POU PWOTEJE DWA FANM AK GASON K AP TRAVAY NAN NEW YORK YO

### *Pwojè Lwa a ap Ogmante Aksè a epi Pwoteje Apatenans Manm Sendika nan Eta New York la yo*

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te siyen lejislasyon istorik pou ranfòse dwa gason ak fanm k ap travay nan Eta New York yo. Nouvo lwa sa a ap ogmante aksè a epi pwoteje apatenans manm sendika nan milye travay sektè piblik New York la an atant yon jijman defavorab nan ka ki ankou nan Tribinal Siprèm lan: Janus v. AFSCME a. Anplis de sa a, lwa ofri pwoteksyon kont mezi delibere gouvènman federal la pran k ap kontinye afebli efò travay òganize atravè peyi sa a.

“Twò souvan an, akòz sa administrasyon federal sa ap fè, nou wè mouvman ouvriye a ap fè pa an aryè. Nan New York se yon istwa diferan, epi efò nou ap fè pou nou pwoteje gason ak fanm k ap travay yo ap fè vanse mouvman ouvriye a vè lavan, sa ki rann milye travay yo pi ekitab ak pi jis pase jamè avan”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Mezi sa a ap voye yon mesaj klè bay rès nasyon an ki di: nou p ap kite silans administrasyon federal la fè sou klas ouvriye New York la, nou pral sipòte chak vwa nan chak kominote ak nan chak endistri, epi nou pral fè tout sa nou kapab pou nou pwoteje dwa pou nou atenn Rèv Ameriken an.”

Lejislasyon an rann li klè ke manm ki peye kotizasyon sendikal yo pral resevwa kèk avantaj ak sèvis, epi sendika yo - byenke y ap sèvi enterè tout travayè ki nan inite negosyasyon yo reprezante yo - paka fòse yo pou yo bay avantaj konplè apatenans manm pou sila ki paka peye yo.

Anplis de sa a, lejislasyon an ranfòse sendika yo lè yo egzije anplwayè piblik yo pou yo:

- Avize sendika konsène yo nan lespas 30 jou apre yo anboche yon nouvo anplwaye, re-anboche oswa monte grad yon anplwaye nan yon inite negosyasyon sendika sa reprezante;
- Bay sendika a non, adrès, kote nouvo anplwaye a travay; epi
- Pèmèt reprezantan sendika yo rankontre ak nouvo anplwaye yo nan lespas 30 jou, pou yon kantite tan rezonab, epi san fyo pa retire l nan tan konje yo kòm kredi.

Lejislasyon an ap sipòte sendika yo tou lè l:

- Asire yo mentni apatenans sendika pou yo ka pwoteje avantaj travayè yo si yo pran konje;
- Pèmèt sendika yo pou yo voye dediksyon kotizasyon yo bay anplwayè yo pa mwayen elektwonik, sa k ap rann sendika yo resevwa kotizasyon yo pi fasil ak pi rapid; epi
- Egzije yo retabli kotizasyon yo otomatikman si yon anplwaye manm sendika kite sèvis li, men yo retabli l nan yon pòs ak menm anplwayè a epi se menm inite negosyasyon an ki kouvri l nan lespas yon ane.

Nan siyen lejislasyon sa a, l ap ajoute sou efò Gouvènè Cuomo kontinye fè pou ranfòse vwa gason ak fanm k ap travay yo epi ogmante opòtinite pou klas mwayèn New York la. Depi 2011, Gouvènè a t ap defann efò pou sipòte Nouyòkè k ap travay yo, ki gen ladan konbat eksplwatasyon travayè yo, sa k ap sipòte pwojè konvansyon kolektiv yo, epi pèmèt yo dedwi kotizasyon sendikal konplè yo nan taks eta a yo. Pi resaman, Gouvènè a te anonse nan kòmansman mwa sa a ke yo te rekipere plis pase 35 milyon dola nan vòl salè an 2017 sèlman epi yo te remèt yo bay plis pase 36,000 viktim.

Dènye mezi sa a pral dekouraje tantativ gouvènman federal la ap fè pou demantle sendika yo, pandan l ap sipòte mouvman ouvriye a nan New York, ki se eta ki pi sendikalize nan nasyon an.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)